ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГЕЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ К ЪЫДОКІ

№160 (21.068) ● 2007 гъэм шыщхьэлум (августым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Унафэхэр Іуэхукіэ щІагъэбыдэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей щыщхьэІум и 16-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 11 щыІэпкърахащ.

Зэхуэсахэр япэу хэплъащ 2008 - 2011 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэ округ дзэ судым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и присяжнэ заседателхэм я кандидатхэм я спискхэр зэрагъэхьэзырыну щыкІэм и Іуэхум.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ, республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІ **Къанокъуэ Сультан** къызэрыгъэпсыгъуэмкІэ, проектыр хуэгъэзащ федерал судэхэм я присяжнэ заседателхэм теухуа Федерал Законыр бгъэзащІэным. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм ильэси 4 къэс егъэхьэзыр зэпымыуэ республикэм щыпсэуэхэм ящыщу дзэ судым щылтэжьну присяжнэ заседателхэм я кандидатхэм я спискхэр. ЩыІэ хабзэм тету, Кавказ Ищхьэрэ окружной дзэ судым и унафэщІ **Воронцов Виталий** игъэбелджылащ а бжыгъэр зыхуэдизым хуейр. Псори цыхуэ 1500-рэ мэхъу. Присяжнэ заседателхэм я спискхэр зэхэзыгъэувэнкІэ къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щыпІэ администрацэхэрщ. Иужькіэ псори зы спискэу игъэхьэзыру къищтэн папщІэ, аэрэ КЪБР-м и Правительствэм иратын хуейщ.

Тепсэлъыхьа нэужь, зэхуэсахэр унафэм и проектым арэзы техъуащ.

2007 гъэм фІагъ и лъэныкъуэкІэ республикэм и Президентым и саугъэтыр ятыным и Іуэхукіэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Правительствэм и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Чеченов Ануар.** Абы зэрыжиІамкІэ, КЪБР-м и Правительствэм и унафэкІэ, апхуэдэу «Урысейм и хьэпшыпІ кІэкІыфІу 100-р ямыхуиІэ Урысейпсо программэм хыхьэу Правительствэмрэ Стандартизацэмрэ метрологиемкІэ, сертификацэмкІэ центрымрэ ильэс къэс къызэрагъэпэщ фІагъ и лъэныкъуэкІэ республикэм и Президентым и саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэ. Мыгъэрейр гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ Бадзэуэгъуэ щыІомэ екІуэкІащ. Абы хэтащ Іуэхущ Іапі зэмылІэужьыгъуэу 36-рэ. Бадзэуэгъуэм и 13-м Стандартизацэмкіэ центрым и унэм щагъэльэгъуащ зэпеуэм хагъэхьа хьэпшыпхэмрэ Іуэхугъэхьбзэхэмрэ я выставкэ. Коммиссиэм ахэр къыщыгъащ, эксперт гупым къыхилъхьахэр кІыпІытащ, номинацэкІэ зэщхьэщыхьауэ текІуаехэр игъэзэІуащ. Иджы КЪБР-м и Президентым ФІагъэши и Дунейпсо махуэм ирихьэлІэу саугъэтхэмрэ дипломхэмрэ абыхэм яритыжынущ.

Зэпеуэр езыгъэкІуэкІ комиссэм игъэбелджылащ «Урысейм и хьэпшыпІ нэхъыфІу 100 -жыхуиІэ Урысейпсо программэм и кІэух зэхьэзэхуэм хэтыныжр. Академием игъэджагъэ Іэзэхэр щолажьэ, материально-техникэ лъабжьэ быдэ иІэщ, улахуэмкІэ, стипендиемкІэ, коммунальнэ ІуэхутъхьбзэхэмкІэ, нэгъэущІхэмкІэ щыхуэ телъхъым.

Зэраубзыхуам тету, кІэщІэтхэн хуеям и лейуэ мы гъэм абы щІагъэтхьсхьэнущ: экзаменхэр, къэрэгъулыгъуэ зыгъэуцуа ныбжьыкІэ къуэжьэ щІалэгъуалэу 125-рэ. Ар зэхуэсахэм даныгъащ.

Зэхьхьэм зыщыхэплъахэм ящыщщ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр гъэзащІэныжмкІэ зэхуэсахэм ахьэгъэпІауэ къатхэпа мазэм и 15-м Правительствэм кьищта Унафэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, «2007 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу лъэпкъыбзэхэмкІэ зэрядкэ тхьилъхэр щІэрыщІэу тхьыкІыныжкІэ» республикэ программэ хэхам и Іуэхукіэ законым и проектым теухуахэр, нэгъэущІхэр.

Зэлущ1эм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и тхьамадэ **Къэжэр Альберт,** республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэхэу **Тхьэзэплтыкъ Мурат, Дыщэкі Мадинэ,** министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, иратъблэгъа къуэпкъыщІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыру

Челябинск областым щыІэ Чебаркуль полигоным щекІуэкІащ ЗэдэлэжьэныгъэмкІэ Шанхай зэгухьэныгъэм (ШОС) хэт къэралхэм (Урысей, Китай, Къзахьстан, Узбекистан, Кыргызыз, Таджикистан) терроризмэ щІэпхьаджагъэхэр кьыхэзымылыным теухуа я зыгъэсэныгъэхэр.

Абыхэм иджы ятэ дыдэу зэгъусэу хэтащ ШОС-м и щыщ къэрал псори. Зыгъэсэныгъэхэр яуха иужь УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КНР-м и унафэщІ Ху Цзинтьюорэ зэпсэльащ.

Перур мэщыгъуэ

Перум иэщхьеягъуэшхуэ кьыщыхъуащ. Мыбы щІыр зэрыщыхьеям кьыхэкІыу хэкІуэдауэ зэкІэ кьалытэ щІыхуэ 510-р.

Куэдкіэ нэхьыбэм фэбжь хахащ. Абыхэм зэрадэІэпыкьуну Іэмэпсымэ, хьэпшыпІ зэмылІэужьыгъуэхэр хуэфащ. Иужькіэ Волгэ и Іуфэ Іус нэмыцэхэм я республикэм и щыхьэру щытащ.

◆ Къэзахьстаным зи мычъэу парламент хэхыныгъэхэр щоІуэкІ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 14-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьи 7-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикъэ 53-р.

Шыщхьэ1ум и 19, *тхьэмахуэ*

◆ Урысейм и Хьэуа флотым и махуэщ. УФ-м и дзэ, щыхьэ

Псалъэ зэрагъэхьэзырыр ЩІАЛ Мухьэмэдщ.

Псалъэ зэрагъэхьэзырыр

Тельмэн зэІущІэм кьыгъэлъэгъуащ

Фыдыгъэбагъэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

ПІощІрэ езанэ джэгуфу э «СПАРТАК-НАЛШЫК»- «ХИМКИ» *(Химки)*

Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэ1ум и 8-м. Сыхьэт 20-м.

● Футбол

"Спартак-Налшык-Д" "Химки-Д" (Химки) - 2:3

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я дублерхэм я зэІущІэу зыгъуасэ Нарткъалэ и «Химик» стадионым щекІуэкІар апхуэдэу иухащ. Ди щІалэхэм ящыщу топдэсхэр ягъэІэпэхъуэн хуей къезыпшэкІ авиаторхэм ягъэлъапІэ.

◆ 1991 гъэм ГКЧП-м къэралым кьызэрымыкІуэ щытыкІэ щыІэу кьыльатэуэ щытащ, СССР-м и Президент Горбачев Михаил Фарос даубыдат.

◆ 1991 гъэм шыщхьэІум и 19 - 22-хэм Москва зэпэщІэувэныгъэ инхэр щекІуэкІащ.

◆ Афганистан Ислъам Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1919).

◆ Илъэс 70 и пэкІэ кьалъхуащ совет драматург Вампилов Александр (1937 - 1972). Щыщхьэ1ум и 17-м гуауэу Байкал гуэлым хэкІуэдащ.

◆ 1949 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэжэр Валерэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 15-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикьэ 51-р.

Шыщхьэ1ум и 20, *щэбэт*

◆ Венгр (Мэжэр) Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - къэралыр кьызэзыгъэпэщащ Иштван щихьым и махуэщ.

◆ 1960 гъэм ЩІым кьагъэзэжащ хьэрпшым ягъэльэта Белкэ, Стрелкэ зэкІэ.

◆ Щыщхьэ1ум и 20 - 21-хэм Монтеэеллэ (Канадэ) щекІуэкІынущ а къэралым и премьер-министр Харпер Стивен, США-м и президент Буш Джордж, Мексикэм и президент Кальдерон Фелипе сымэ я зэІущІэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 17-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьи 4-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикьэ 47-р.

Пайдэхэр зыхьэзырыр **ПІАЛ Мухьэмэдщ.**

● Щ1э

"Налшык" Налшык теухуауэ

ДУНЕЙМ кьытехьащ «Налшык» кьалэ газетыщІэм и япэ номерыр. Іу зыльытапхъщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я щІыхуэм яку лІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ дэль зэныбжьыгъуэм и юбилей ильэсым а газетым кьыдэкІын зэрыщІидзар. КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ар кьыщыхигъэбелджылыкІащ газетыщІэм и щІэржькІэкІуэ зэрыгъэзэжьар.

Егъэджэныгъэр щекІуэкІым властымрэ управленэмрэ я органхэр, къарузехьэ органхэр зэрыгъэдэлажьэр, апхуэдэу КъБР-мщыІэ оперативнэ штабым кьару зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызригъуІур ягъэзнэхуащ.

Егъэджэныгъэм ипкъ иткІэ, террористхэм щІыхуэмрэ аэропортым и унэм щыщ Іыхьэрэ ящыдауэ кьалытат. Террорым сІэпынымкІэ гупым хэтхэр зэгурыІуэу ИкІи етупсасауэ зэребгъэрыкІуам и фІыщІэкІэ «террористхэр» псынщІэу зэтракъутэри, цІыхуэхэри кьыІэщІагъэкІыжащ, езыхэм ящыщи хэкІуэдакьым.

Егъэджэныгъэм хэтахэм хуагъэува кьалэн псори ягъэзэщІащ.

ШынагъуэшагъэмкІэ федеральнэ кьулыкьуэм и Управленэу КъБР-м щыІэр.

"Террористхэр" лсыщІэу ящыдащ

ЛЪЭПКЪ антитеррор комитетым зэхилъхьа планым тету, дыгъуасэ Налшык кьалэм «ЛъагапІэ-2007» фІэщыгъэщІэр иІэу щекІуэкІащ хьэуа транспортым и ІэнатІэ гуэрым террористхэр теуэну хуежьэмэ, абыхэм я мурадхэр кьызэпыудыным зыщыхуагъэса лэжьыгъэр. Абы хэтащ ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ кьулыкьуэм и Управленэм, МВД-м, МЧС-м и Управленэ нэхьыщхьэм, Федеральнэ хьэмакІуэ кьулыкьуэм, МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм, нэгъэущІхэми я лэжьакІуэхэр.

Футболист цІэрыІуэм и фэеплъу

АБХЪАЗ. ***Очамчыр районым администрацэм и лэжьакІуэ Дедбэ Заур зэрыжиІамкІэ, республикэм и футболист цІэрыІуэм и щыпІэ Дараселиэ Виталий и фэеплъ зэхъэзэхуэ мы махуэхэм куейм щекІуэкІынущ. Ар къызэрагъэпэщащ Абхъазым и Къэрал спорткомитетымрэ Очамчыр районым администрацэмрэ.***

Дараселиэ Виталий и фэеплъ зэхъэзэхуэм хэтынущ Санкт-Петербургэ, Новороссийск къалэхэм, Приднестровье, Осетие Ипщэ республикэхэм я командэхэр.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Дараселиэ Виталий Очамчыр районым кьыщалъхуащ, илъэс 17 ныбжьыкІэм итУ Тбилиси и «Динамом» щыджэгун щІидзащ. 1976 гъэм СССР-м и Кубокыр къихьащ, 1978-м СССР-м и чемпион хъуащ, 1981 гъэм Кубокым я Кубокыр зыІэригъэхьащ. Абы щыгъуэ Тбилиси и «Динамо»-р финалым «Карлцейсым» дджэгуащ, Дараселиэ диГэкІэ топым и командэм текІуэныгъэ кьыхуихьат.

СССР-м и командэ кьыхэхам хэту зэІущІэ 20-м щыджэгуащ, 1982 гъэм дунейпсо чемпионатым хэтащ. СССР-м и футболист нэхъыфІу мызэ-мытІэу кьалытащ. 1982 гъэм машинэ зэмъэхэуэм хэжІуэдащ.

Щ1ымахуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и псэуалІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм щ1ымахуэ я ЗэлуплъэкІэм зэхуэгъэзащ1ыжьыным тхьэмэму зыхуагъэхьэзырым щхьэкІэ щ1ыпІэ бюджетым хуэхахуэ щ1ыта сом мелуан 59,3-м щ1ыкІыбл1эз сом мелуан 20 щ1агъэжащ.***

ЩІыпІэ правительствэм и лэжьакІуэм зэрыжиІамкІэ, республикэм и коммунальнэ ІэнатІэр егъэфІэкІуэным ахъшэшхэ текІуэдэнущ. Абы хохьэ хуабэ, псы, газ зэрыкІуэ бжьамийхэр зэхъуэкІыныр. Апхуэдэуи мыгувэу ирагъэжьэнущ Архъыз, Теберда, Домбей, Урыл курорт щыІэхэм газ ешэлІэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дыгъуасэ

Сабанчиевэ Исмэхьил жэуапым ирагалІэ

НАЛШЫКЪкъалэ щыІэ 12-нэ хезащІэ Іуэхущ1апІэм и зэзэгъэкІуж хуэдиз дыгъуасэ хэпльащ «Балъкъэр пъэпкым и нэхъыжьхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Сабанчиевэ Исмэхьил административнэ жэуапым ирагъэІалІ, мазэ улахуэу 10-м хуэзэ ахъшэ къуэдыІуэ ятыну кьыхуагъэуващ. УнафэмкІэ мыарэзыхэр тхьэусыхэну хуитщ ар кьыщащта пІалъэм щегъэжьауэ жэщ-махуищым кьрнуфыбыдэу.

БОЛЭТ Арсен.

● ЗэІущІэхэр

ЩІэныгъэлІхэр къытхуэІэлІэгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым бизнесымкІэ и институтым дунейпсо конференц щекІуэкІащ.

БГЫЛЪЭщыпІэхэм щэкІэ щапІ псэущхьэхэмрэ ди щІыпІэм и щІыуэпсым и зэхэлъыкІэмрэ хухаха зэІущІэр трауХуат щыпсэлІ щІэрыуэу щыта, РАЕН-м и член-корреспондент Тембот Асльэнбий псэужамэ, и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирикъуну зэрыщытам.

Мы Іуэхум зыкъраГъэжьІащ биологиемрэ щыІуэпсымрэ я щІэныгъэ-кІэхъутэкІуэ институт зыбжанэм я лЫкІуэхэу Сыбырым, Урэлым, Дагъыстанам, Абхъазым, Азербайджаным, Москва къикІа щІэныгъэлІхэм, Тембот Асльэнбий и лэжьыгъэщхьэхэм фІыуэ хэщыгъэзэхэм.

Зэлущ1эр кьыхэзІыхьа щІэныгъэлІ щІэрыІуэ Иуан Петр Тембот Асльэнбий и гъащІэмрэ и лэжьыгъэ гъуэгуанэмрэ тепсэлъыхьа нэужь, псалъэ иритащи бгыбзэ щыпІэхэм я щыуэпсымкІэ институтым и унафэщІ Тембот ФатІимэ.

Абы зэпкърыхауэ хьэщІэхэм я пащхьэ иритьхьащ нобэ институтым зэлэжьхэмрэ яІэ ехьэлІэныгъэхэмрэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Спирт зыщІхэр зыщІагъэгупсысыж

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым республикэм спирт, дрожж къыщІэзыгъэкІыу ит предприятэхэм я унафэщІхэм ткІийуэ яхуигъэуващ: абыхэм ящыщу мы гъэм производствэм къыщІэж фІейр гъэкъэбзэныр зэтезымыхуэхэм, бардэм зэрелэжьын оборудованэ къыззэзымыгъэпэщхэм илъэсыщІэр къэунэхуа нэужь лиценззэхэр къыІахьыжынкІэ хъунущ.

АПХУЭДЭ къаленхэр спирт зыщІхэм я пащхьэ ягъэуэващ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр хэгъэгъэсбэпынымкІэ республикэм и министр Шипов Владимир, апхуэдэу Урысейм техникэ кІэльыпІэныныгъэмкІэ и Управленэу КъБР-м щыІэм, мэкъумэщ Іэнатіэм кІэлъыпІэныныгъэмкІэ Урысейм и Іуэхущ1апІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм, Кашпийм и къухьэпІэ бассейн псы управленэм и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым биологиемкІэ и факультетым, КЪБР-м и прокуратурэм я лЫкІуэхэр къырихьэлІэу республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и аппаратым щыпсьхьэІум и 15-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Мы Іуэхум унафэ тращІыхьын хуейуэ куэд лъандэрэ йокІуэкІ. Спирт къызыщІахуа бардэр Іуэхущ1апІэхэм псыежэхэм щыхагъэлъадэр нэхъыбэщ. Псым хольадэ производствэм къыщІэж адрей фІейхэри. Абы кьыхэкІыу спирт заводхэр зыпэгъунэгъуэ псыежэхэр илъэс Іэджэ лъандэрэ яуцІэпІ, абыхэм щхъухь зэмылІэужьыгъуэхэр щызэтрехьэ.

Апхуэдэ мыхъумыщІагъэм унафэ пыухыкІа тращІыхьыну игъуэ хъуауэ кьалъытащ: щІыуэпсым зэранкъуэ зэриГъуэтым кьыдэкІуэу, абы игъэдахэркъым юбилей гъуэзэджэр мыгувэу зыгъэлъэпІэну республикэр. Пэжщ, зи гугъу тщІы спирт заводхэм республикэ бюджетым ахъшэпхуэ кьыхалъхьэ. Ауэ ар теГъэщІапІэ хъунукъым дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрафІейпхЫ, кьыщыгъэпщащ зэІущІэм.

Спирт зыщІхэм еупщІащ Іуэхугъуитікіэ: фІей гъэкъэбзапІэхэр ухуэныр здынэсамрэ бардэм зэрелэжьымкІэ. КъызэрыщІэкІамкІэ, махуэ къэс спирт заводхэм я пыдзакъезыпшэкІ авиаторхэм ягъэлъапІэ.

◆ 1991 гъэм ГКЧП-м къэралым кьызэрымыкІуэ щытыкІэ щыІэу кьыльатэуэ щытащ, СССР-м и Президент Горбачев Михаил Фарос даубыдат.

◆ 1991 гъэм шыщхьэІум и 19 - 22-хэм Москва зэпэщІэувэныгъэ инхэр щекІуэкІащ.

◆ Афганистан Ислъам Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1919).

◆ Илъэс 70 и пэкІэ кьалъхуащ совет драматург Вампилов Александр (1937 - 1972). Щыщхьэ1ум и 17-м гуауэу Байкал гуэлым хэкІуэдащ.

◆ 1949 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэжэр Валерэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 15-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикьэ 51-р.

Шыщхьэ1ум и 20, *щэбэт*

◆ Венгр (Мэжэр) Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - къэралыр кьызэзыгъэпэщащ Иштван щихьым и махуэщ.

◆ 1960 гъэм ЩІым кьагъэзэжащ хьэрпшым ягъэльэта Белкэ, Стрелкэ зэкІэ.

◆ Щыщхьэ1ум и 20 - 21-хэм Монтеэеллэ (Канадэ) щекІуэкІынущ а къэралым и премьер-министр Харпер Стивен, США-м и президент Буш Джордж, Мексикэм и президент Кальдерон Фелипе сымэ я зэІущІэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 17-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьи 4-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикьэ 47-р.

Пайдэхэр зыхьэзырыр **ПІАЛ Мухьэмэдщ.**

● Япэу тыдодзэ

Къанокъуэ Мэшыкъуэ *(1512 - 1561)*

Бесльэнейм и пщы уэлийщ. Дамэгъу кьахуэхъункІэ гурыІуэну Грознэ Иван деж 1552 гъэм Мэзэку кІуа кІаХэ адыгэхэм я лЫкІуэ гупым и пашэу щытащ. 1557 гъэм ар Урысейм и кьалащхьэм Іэпхъуащ, чыристан диныр кьыщищтэм Иван кьыфІащащ.

Ливон зауэр щекІуэкІым полк пэрытым и унафэщІу хэтащ (1558 - 1559). Дзэзешэ Вишневецкэ Дмитрийрэ жаней пщы Сибокьуэрэ я ГъусэУ кьрым тэтэрхэмрэ я япэщІэтын папщІэ Адыгэ хэкум кьагъэкІуэжащ (1560 - 1561), зыхькІуэдари арагъэнущ.

Сурэтыр **ГАЛУШКЭ Виктор** *ищащ.*

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Зоопаркыр ирагъэфIакIуэурэ екIуэкIынущ

Иджыблагъэ ди зоопаркым сыщIати, хуабжьу сигу кьеуад псэущхьэхэр зыхуей зэрыхуэмызэр. Сэ быдэу сыпщогугъ зоопаркыр зыхуей хуэзэныжмкIэ удэIэпыкъуну».

УЛЬБАШЕВЭ Еленэ, *Налшык къалэ*

Жэуап кьрет Налшык къалэ округым и администрацыем и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэмгуокъу Л.Б.:**

«Налшык» зоопарк муниципальнэ Iуэхущ1апIэм мы зэманым хьэкIэкъуэкIэ, псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэ 350-м нэблагъэ иIэу, зоопаркым щапщIэ террарием кьызэрагъэпэщащ, а пСОРИ мыIейуэ зэрахьэ. Махуэ кьэс Iуэхэр, егъэзыпIэхэр, абыхэм егъэщIыгIа Iуэхущ1эр псыкIэ кьаIэс. ЗыпIпыхьакIуэ кIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм и фIыщIкIэ, зоопаркым ахьшэу кьыIэрыкьэр нужьрей илъэс-хэм кьэрчубыдэу хэздитхукIэ нэхъыбэ хъуащ. ГащьмкIэ, псымкIэ, электрокьарумкIэ тарифхэм эзпымыуэу хэхъуэ пэтми, мы Iуэ хущIапIэм зегипэм лIэужьыгъуэ псори зэтъэзэхуауэ кьигъэсэбэпуэр, абыхэм ахьшэу ящIитыр хуэди 3-4-кIэ игъэмэщIащ. Псэущхьэхэр зэрызэрахьэр егъэфIэкIуэнымкIэ кьыдэкIуэу, апхуэдэ гъэкьэжIэм Iэмал кьитащ зоопаркым нэрылъагъуэ зрагъэжьынымкIэ. Гупльитэшхэр хуащI Iуэхущ1апIэм ныIъ щIыналъэр зэзгъэпэщу, кьабзэльабзэу зехьэным. Асфальтым и пIэкIэ зекIуапIэхэр дяпэкIэ плиткэ екIуэхэмкIэ кьращыкIынущ. Пьэ кьэс унэхэмрэ псэуалъэхэмрэ кьагъэщIэрэщIэж. Зоопаркым ныIъ щIым тыпсыхьауэ нэхъ ин ящIащ хьэкIэкхъыкIэхэм я егъэзыпIэхэр. Нэхъ лэ жьыгъэшхэхэм уатепсэльыхьмэ, дэ кьыдолытэз зоопаркыр реконструкцэ щыныр пхъхьэнэкIэрэ зэпыудауэ егъэкIуэкIыпхьэу, абы и пIэныкIуэкIэ кьэралым, дуней псом щыIэ зоопарк нэхъыфIхэм я опытыр кьэгъэсэбэпын хуейуэ. Мы Iуэкр кьыдделыгъ Зоопаркхэмрэ акваториумхэмкIэ Евразие щыналъэ ассоциацэм. Абы и лэжьакIуэхэр хьэзырщ дызыхуеину технологие, щIэныгъэ документхэр кьыгтIэрагъэжьыну. Дэ тхуэфIэкIынущ цIыхухэм я гуапэу зыщагъэпсэху, псэущхьэхэр зыхуей щIыхуэзэ Iуэхущ1апIэ ди зоопаркыр тщIын.

Зыми пагъаплъэркъым

«Сэ социальнэ лэжьыгъэмкIэ сыIэщIагъэлIщ. Сызыдэпыкьухэм ящыщ Альхъэс Ларисэ Уэсмэн и пхъур нужьрей илъэсищым пIэхэнэ хъуауэ йокIуэкI. Абы телъ гъгъуехьхэр зымащIэкIэ нэхъ мыхьуми щхьэщыхьуат, ныкьуэдыкьуэхэм я щэнтжьеим хуэдэ нIамэ. Абы къратыну кьыхуагъэлъагъуэр IэкIэ зэрагъакIуэ щэнтжьеим, ар сымаджэм кьыхуэзгъэсэбэпыпкъым. Къеузэгъуэ электрокъарум зэригъакIуэм хуэдэш. Сэ фIыуэ кьызгуроIуэ ныкьуэдыкьуэхэр зэрымымащIэр, ауэ абыхэм ящыщу нэгъуэщI мыхъумэ зы щыхуэ закъуэм дыдэвгъэIэпыкIуэ. ИкъуэкI сыщогугъ сызытепсэтыхьыр кьыбгурыIуэну икIи укъыддэIэпыкъуну».

ЗогъэщтокъуэИринэ Мухьэмэд и пхъур, *Псыншокьуэ къуажэ.*

Жэуап кьрет КъБР-м гъэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев А.И.:**

- Мы тхыгъэм теухуауэ комиссэм игъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм кьыхэзрегъэлъэгъуакIэ, Алтъхэс Л.Х. ятIэ чыгбышым кьыхэщIыкIа, пэши 4 хьу, газкIэ ягъэпытI, тыншыпIэхэр зиIэ унэм щопсэу. Ар ипэ гупым хиубыдэ ныкьуэдыкьуэщ, илъэс 22-рэ хьуауэ диспансерым и учетым щытщ, кьэтэджыфыркъым, зэпымыуэу зыгуэрым зэрихьэн хуейщ. И адэ-анэр куэд гъыдапэр псэужкъым, ар Къэрэгъэщ дэс и шыпхъум, ешым сабий ныкьуэдыкьуэ иIэ пэтми, кьыкIуэрэ зэрехьэ. Хъуэуэр Алтъхъэс Л.У. иЭр ныкьуэдыкьуэгъэкIэ хуагъэува пенсэрщ, кьыхуэгъажьэри хэту ар зэрыхьэр сом 4425-рэщ. ЭлектрокъарукIэ зекIуэ щэнтжьеИ хуэхьэн папщIэ Алтъхъэс Л.У. и узынщагъэр медицинэ-санитар экспертизэмкIэ республикэ бюром кьинщыгъат. Абы ныжькIэ КъБР-м Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм зыхуэфащэ документ псори игъэхьащ Къэрал Iуэхущ1апIэ - У Фм Социальнэ страховани мкIэ и фондым и кьудамэу КъБР-м щыIэм. Фондым и унафэщIэхэм дагуриIуащ Алтъхъэс Л.У. зыми памыгъаплъэу ныкьуэдыкьуэхэм я щэнтжьеим хуэдэ кьратыну.

Дызэкъуэувэмэ, псори тхуэзфIэкIынщ

Нэгъуей Хьэсэнбий 1940 гъэм Къэрэгъэщ къуажэм кьыщалъхуащ, курыт школыр, нужькIэ Владикавказ щыIэ Кавказ Ищхьэрэ бгы-металлург институтыр кьиухащ, электроннэ IуэхуэхэмкIэ щIэныгъэхуэ институтым и кьудамэм и унафэщIу илъэс 12-кIэ щытащ, Налшык СКЭП-м кьиугъэзэжри, абыи зыкьомрэ щыгъэжьащ, Iуащхьэмахуэ турист советым, республикэм и связым, «Къэбалькъинтуристым» я автобус базэхэр ильэс зыбжанкIэ зэрихьащ, Налшык курортми Iуэхуэгъуэ щхьэпэхэр щызэхфIагъэкIащ. И ныбжьыр нэмысу, ныкьуэдыкьуэгъэкIэ пенсэм кIуащ.

Ауэ тIысыжауэ щыскъым. 1993 гъэм кьыщыIэдзауэ Прохладнэ, Май районхэм я ранс-Iмамащ. 1994 гъэм хьэжьащ щыIащ, Шхьэгъусэ (Хьэужан), кьуитI пIащ, и щIалитIри (Заурбэчэрэ Алъэнбэчэрэ) бынунэ хьужащ.

Иджыблагъэ сепсэльащ Нэгъуей Хьэсэнбий-хьэжьм. Фи пащхьэ нысэльхьэж зэхуэтIуэтахэр.

- Хьэсэнбий, уи гъащIэм и кьекIуэкIыкIам щыгъуазэ дыхуэущыт.

- Ильэс фIэкIа сымыкIауэ, 1941 гъэм си адэ ТыкIуэнэ дзэм ираджащ, кьыкIэныкIуэ тъым зэхуэм хэкIуэдащ. Ильэс еханэм ситу си анэ ПатIэ дунейм ехыжащ. Зеиншэ кьабзэу сыкьанэри, фIыгъуэу щыIэр Алыхьым кьахуищIэ, си адэ кьуэшхэу ТиитIэрэ Къэралбийрэ сапIыжащ. Я ахъэтыр нэху Тхъэм ящI, тIури дунейм ехыжащ. Сэ абыхэм сахуэзарэзыщ, зыми срагъэхьэуэпсакым. Срагъэжащ, унагъэу сагъэтIысыжащ. Си щIалитIыр Налшык дэсщ, щолажьэ, Хьэужанрэ сэрэ кьуажэм дыщопсэу.

- Муслымэныгъэр дауэ къэпщта?

- Сабий зеиншэм и Iуэхур гуГуущ, тIэкIри си гур иудауэ сыкьэхъурт. «Ислахьэр щIэныIэщ, умыгузавэ», кьызжиIэрт ди унэкьуэщ Нэгъуей Маркьынэт. Ар езыр духьэщышхуэт, мыдрисэ кьиухауэ, диным фIыуэ хэзыщIыкIт. Абы занщIэу муслымэныгъэр си гум кьрилъхьащ, хьэрпыибзэр сигъэдж у, КъурIэн кьеджэкIэ сигъащIэу щIидзащ. Ильэс 12-м сыщитым а ФIыщагъэ лъапIэр щIэзыпхъуэ щIэзджыкIакIэт. Шк олым иужькIи, дзэ сыщеджами сыщыпхэжьами, дин Iуэхур згъэтIылъакъым, нэхъ хэзыщыкIэм сечэнджэщащ, сэри куэд щIэзджыкIащ. Сэбэп кьысхуэхъуащ Сирием кьикIыжьа Като (Пщыхьэщ1э) Мухьэмэд кьызэрагъэдержэ, Дамаск муслымэн курсхэр щыгъэзрыщIызухар, нэгъуэщI куэди. - Нобэ дин Iуэхуэхэр зэрызэрахьэм сыт фIыуэ ныкьуэсаныгъэм хэпIьагъуэр?

- Диным фIагъыу хэмылъ щыIэжьым, ар зищIысыр тэмэму кьыбгурыIуэн, зыхэпIщIэн, кьиигъэввхэр хьэкъыу пIкьыкIауэ бгъэзэщIэн хуейщ. Мусльмэн диныр-р дыдэу хабзэмрэ зэщIкIщ. ПIуми кьагъэувыр щыху хуэдэу дунейм уэзэрытетпхъэрщ - умыдыгъуэ, у мыфыгъуэу, умыпщIыупс у, бзэгу зумыхьэу, уи мыIуэзу зумыжъэу, хэмышлъахэм гущIэгъу яхуэпщIу, хэмышкьыр бгъэ лъапIэу, нэхъкьыщр бгъасэу, пъ уэзфIэкI пщIэу, укьабзэу, укьэлэпу. Куэд мэхъу диныр хуэлажьэм и фарзэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьызолытэ кьыгтщIэхъуэ ныбжьыщIэр дин Iуэхуэхэмрэ адыгэ хабзэхэмрэ нэсу щIэпIыкIыщ. Ахэр хьэкъыу зыпхыкIыр укIытэ, шынэ, фIэлIыкI, нэмыс жьыхуэлэжьэ зыхиущIэу кьэхъунущ икIи гъэзгу пхэнж зэгъеувэныкъым. Абы папщIэ нобэкIэ дызэыхуей псори дымыгуэтми, хэкIыпIэ хьарзыкнэ ар диIэу кьысщохьу. Республикэм исщ щIэныгъэфI зыбгъэдэль, мусльмэн диным фIыуэ я хэзыщIыкI цIыхухэр. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, Пщыхьэщ1э Iэнас, Джэдгъэ Асльэн, Щхьэныкьуэ Анзор, Чочаев Шарафутдин, Пщы хьэщIэ Шафихъ, Мысыр Хьэзыр, Бечелов Ануар, Пщыхьэщ1э Ахьмэд, Ахматов Назир, нэгъэущI куэди. Абыхэм я нэхъыбэр Налшык дэт исльам институтым щолажьэ. Жылагъуэ куэдым мэжджьтыщIэхэр щауху я. Налшык дащыхьа мэжджьтым хуэдэ кьэгъуэгъэтыгъуейщ. АбыкIэ фIыщIэ ин бгъэдэлъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсен. ГъащIэ кIыхь, у зыншагъэ Тхьэм кьрит!

- Хьэсэнбий, уи гъащIэм и кьекIуэкIыкIам щыгъуазэ дыхуэущыт.

- Ильэс фIэкIа сымыкIауэ, 1941 гъэм си адэ ТыкIуэнэ дзэм ираджащ, кьыкIэныкIуэ тъым зэхуэм хэкIуэдащ. Ильэс еханэм ситу си анэ ПатIэ дунейм ехыжащ. Зеиншэ кьабзэу сыкьанэри, фIыгъуэу щыIэр Алыхьым кьахуищIэ, си адэ кьуэшхэу ТиитIэрэ Къэралбийрэ сапIыжащ. Я ахъэтыр нэху Тхъэм ящI, тIури дунейм ехыжащ. Сэ абыхэм сахуэзарэзыщ, зыми срагъэхьэуэпсакым. Срагъэжащ, унагъэу сагъэтIысыжащ. Си щIалитIыр Налшык дэсщ, щолажьэ, Хьэужанрэ сэрэ кьуажэм дыщопсэу.

- Муслымэныгъэр дауэ къэпщта?

- Сабий зеиншэм и Iуэхур гуГуущ, тIэкIри си гур иудауэ сыкьэхъурт. «Ислахьэр щIэныIэщ, умыгузавэ», кьызжиIэрт ди унэкьуэщ Нэгъуей Маркьынэт. Ар езыр духьэщышхуэт, мыдрисэ кьиухауэ, диным фIыуэ хэзыщIыкIт. Абы занщIэу муслымэныгъэр си гум кьрилъхьащ, хьэрпыибзэр сигъэдж у, КъурIэн кьеджэкIэ сигъащIэу щIидзащ. Ильэс 12-м сыщитым а ФIыщагъэ лъапIэр щIэзыпхъуэ щIэзджыкIакIэт. Шк олым иужькIи, дзэ сыщеджами сыщыпхэжьами, дин Iуэхур згъэтIылъакъым, нэхъ хэзыщыкIэм сечэнджэщащ, сэри куэд щIэзджыкIащ. Сэбэп кьысхуэхъуащ Сирием кьикIыжьа Като (Пщыхьэщ1э) Мухьэмэд кьызэрагъэдержэ, Дамаск муслымэн курсхэр щыгъэзрыщIызухар, нэгъуэщI куэди.

- Нобэ дин Iуэхуэхэр зэрызэрахьэм сыт фIыуэ ныкьуэсаныгъэм хэпIьагъуэр?

- Диным фIагъыу хэмылъ щыIэжьым, ар зищIысыр тэмэму кьыбгурыIуэн, зыхэпIщIэн, кьиигъэввхэр хьэкъыу пIкьыкIауэ бгъэзэщIэн хуейщ. Мусльмэн диныр-р дыдэу хабзэмрэ зэщIкIщ. ПIуми кьагъэувыр щыху хуэдэу дунейм уэзэрытетпхъэрщ - умыдыгъуэ, у мыфыгъуэу, умыпщIыупс у, бзэгу зумыхьэу, уи мыIуэзу зумыжъэу, хэмышлъахэм гущIэгъу яхуэпщIу, хэмышкьыр бгъэ лъапIэу, нэхъкьыщр бгъасэу, пъ уэзфIэкI пщIэу, укьабзэу, укьэлэпу. Куэд мэхъу диныр хуэлажьэм и фарзэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьызолытэ кьыгтщIэхъуэ ныбжьыщIэр дин Iуэхуэхэмрэ адыгэ хабзэхэмрэ нэсу щIэпIыкIыщ. Ахэр хьэкъыу зыпхыкIыр укIытэ, шынэ, фIэлIыкI, нэмыс жьыхуэлэжьэ зыхиущIэу кьэхъунущ икIи гъэзгу пхэнж зэгъеувэныкъым. Абы папщIэ нобэкIэ дызэыхуей псори дымыгуэтми, хэкIыпIэ хьарзыкнэ ар диIэу кьысщохьу. Республикэм исщ щIэныгъэфI зыбгъэдэль, мусльмэн диным фIыуэ я хэзыщIыкI цIыхухэр. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, Пщыхьэщ1э Iэнас, Джэдгъэ Асльэн, Щхьэныкьуэ Анзор, Чочаев Шарафутдин, Пщы хьэщIэ Шафихъ, Мысыр Хьэзыр, Бечелов Ануар, Пщы хьэщIэ Ахьмэд, Ахматов Назир, нэгъэущI куэди. Абыхэм я нэхъыбэр Налшык дэт исльам институтым щолажьэ. Жылагъуэ куэдым мэжджьтыщIэхэр щауху я. Налшык дащыхьа мэжджьтым хуэдэ кьэгъуэгъэтыгъуейщ. АбыкIэ фIыщIэ ин бгъэдэлъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсен. ГъащIэ кIыхь, у зыншагъэ Тхьэм кьрит!

Дыдэ щыIэ ахъшэ кьэсытам диным кьыхэжIауэ аращ, ХуэщIыкIыумрэ сэдэкьэр нэхъ зыIыпсыпхъэмрэ ятеуэхуауэ мыращ жьысIэнур. Сэдэкьэм хьыкъэ хьунур Iам езым кьиIэна мыльку хьэлэлущ, абы щхьэгъусэри быним щымыгуГуащ. Укьытэм, нэгъуэщIым кьыхьэуэ щыхуэ я кьащIэу, я гум пымыкIыу, кьайхьэлъэкIыу яГу зышэр хьэлэл хьунукъым, дурыскъым. Сэдэкьэр япэ дыдэу зыIыпсын хуейр Iыхьлы гъэнэгъуэрщ, бынхэрщ, хуэмыщIауэ псэухэрщ.

Нэгъуей Хьэсэнбий

- Ущыпсэу Къэрэгъэщми, сэ зэрыщIэмкIэ, уи жэрдэмкIэ мэжджьт дэгъуэ дыводыщIхь. Сыт хуэдэхэр екIуэкIрэ уху уэныгъэр?

- Ар 2001 гъэм кьедгъэжьащ. Зэуэ куэдми зыкьытщIагъэкъуащ. Районадминистрацэм сом мин 325-рэ, Чапаевым и щэкIэ щыIэ мэкъумэш Iуэхущ1апIэм сом мин 50 кьытхуаутIипщащ, мыльку-кIи Iуэхуки яльэкI кьагъэнакьым Бэшорэ зэкьэушхэм, Ашэбокьуэхэ, Архъаг ъэхэ, Зэптийхэ я унагъуэхэм, Сантыкьхэ Анатолэрэ Хьэчимрэ, Зыхьэ Анатолий, Абаз э Артур (Альтуд), ХьутIатI Хьэсэн (Прохладнэ), Шэт Владимир (Краснодар), Ашэбокьуэ Артур, Ахматов Назир (Налшык), Щтым зэшхэм, Хьуран Хьэсанэ и унагъуэм, нэгъуэщI куэдми. А псоми фIыщIэ яхуэщIыпхъэщ. Сыт хуэдэу щытми, мэжджьтыр ухуэнэр тхунэмыгъэсу кьэнати, Кьанокьуэ Арсен, КъБР-м и Президент хъуа кьудеиуэ Къэрэгъэщ кьыщыкIуам щыгъуэ, сельэIури, Алыхьым и нэфIыр кьыщIыхуэ, сом мелуан кьыдитащ. Абы и фIыщIэкIэ пытщэжащ лэжьыгъэм.

Иджы ныкьуэсаныгъэхэмрэ сигу кьеуэхэмрэ я гугъу сщIыщ.

Я пэраиуэ, ильэм инс титутым техуауэ. Ар 1996 гъэм Налшык кьыщыкIэуIуахащ. Шэн хэмылъ, абы куэд щIыгуфIыкIат. Сэри абы и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэмкIэ и кьудэзэу сагъэуват. А зэманым институтым щIалэгъуалэу 170-рэ щеджэрт. Ау я Iуэхур хуабжь у гугъущ. Институтыр мылькуншIэщ. Къэралым зыкIи зэщIигъэкъуэфыркъым, езым и щхьэ зэрыIыхьыр. Ар ди кьэ ужэм ткIийр я щыдгъэуващ. ЕтIуанэрауэ, сэдэкьэм махуэ хэха иIэжьым, щыхуэхьэзырым пхуэзфIэкIыр уи лIам хуэпщIэу аращ. Мы иджы кьрагъэкIуэкI махуэ плIыщI, щэ ныкьуэрэ тIурэ жьыхуэлэжьэм муслымэн хабзэу зыри хэлъкьым, япэр жьыгъэм, псом хуэмыдэу ди зэманым, мылькуншIэу пхуеГъэкIуэкIынукъым. Абы и лъэныкьуэкIэ дин Iуэхущ1апIэхэм я ныкьуэсаныгъэ. Абы и лъэныкьуэкIэ зэщIкIщ. Ахэр ныкьуэдыкьуэхэр зэрыщIэрыкIыр, дурыскъым. Сэдэкьэр япэ дыдэу зыIыпсын хуейр Iыхьлы гъэнэгъуэрщ, бынхэрщ, хуэмыщIауэ псэухэрщ.

Нэгъуей Хьэсэнбий

- КъыпщIэхьуэ ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм теухуауэ сыт кьыжпIэнт?

- ЩIалэгъуалэр куэдым яуб, ауэ абыхэм лажьэ яIэкъым. Ахэр зыгъэсэн хуейр дыдэ. Япэ хэм хуэдизу, нэхъыжьхэр щIалэгъуэм щIагъуэу дахьыхьжьыфыркъым, КъытщIэхъуэ ныбжьыщIэр лэжьыгъэм щIэпIыкIынур нэхъ Iэщ1ыб хуауэ кьысщохьу хьу. Адэ нуэд фадэм итхъэхьауэ. Анэхэр бззэрым тетIысхьащ. Абыхэм я бынхэм гъэсакIэ нэхъыфIу кьахуэнэжьыр уэрамырщ. МыхьумыщIагъэ псори абдежьым кьыщIохьэ. ИтIанэ, сыт ныбжьыщIэхэм телевизоркIэ яльэгъур? Жьl, зэрыфыщI, кьэхъпагъэ, хьунщIэн, дыгъуэн, щIыку кьызэрыбгъэпщIэн, гугъу уемыхьу мыльку зэрыпщIын - аэрэщ. Телевизорым хуэдэу щIыхур зыгъэнЫуэ иджыпсту щIыпу сщIэрыщIы. Къэрал унафэ гуэр тещIыхьын хуейщ абы. Ауэ хэт а телевизор дыдэр щIыхур, псом хуэмыдэу у, ди адыгэ, балъкъэр лъапIэхъэр гъэсэныжмкIэ къэдгъэсэбэпыну зэран кьыгтхуэжьыр? Уи гур ящокI ди адыгэ артисткэ я зыныкьуэхэр я щIыкIэр кьыщIэщу утыкум кьыщихьэкIэ. Пэжщ, абыхэм жаIэнущ, нэгъэущI кьэралхэм щыпсэухэм ещхьхьуну зэрыхуейр. Дэгъэщ. Ещхь хьу я псэукIэщ, щIэныгъэкIэ, щэнхабзэкIэ, гъуэгъджэкIэ, ауэ мы дуней псом щынэхь дахэ дыдэ адыгэ фащэр нэгъэущIкIэ умыхьэжи, ди адыгэ хабзэ дахэхэр хамэ хабзэ нэхъыкIэхэмкIэ зумыхьэхэ,

Ку1щIу жьыпIэмэ, дызэгупсысын, дызэлъэшэри ди куэдщ. Ди кьаленхэр псори щытхъуэзэфIыкIынур къэрал, дин лэжьакIуэхэри гъэсакIуэхэри дызэкъуэувэмэщ, дызэгъусэу дызэдекъуэмщ.

Епсэльар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Коллегиехэр

Зыужьыныгъэм и лъабжьэ

2006 - 2007 гъэ адэжьгъэм къриКIуахэм щыхэпIъэж зэIущIэ иджыблагъэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием Тэрч къалэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ЩIхьэгъэпсо Сэфарбий**, КъБКъМА-м и рректор **Жэрыкъуэ Борис** министерствэмрэ щIыпIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэхэмрэ я Iэщ1агъэлIхэр, кьудамэхэм я унафэщIхэр.

Коллегием и лэжьыгъэр езыгъэхъуэкIа министрым абы къриХьэлIахэр кIэщIу щыгъуазэ зэ ищIащ республикэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхущ1апIэхэм щыщыIэ щытыкIэхэм. Апхуэдэу ар кьытеувыIащ мы Iэнатlэм екъуэлIэныгъэу щызэрагъэгъэхъэмрэ Iуэхущ1апIэ зэрыщIэрагъэгъэхъэмрэ гъэ егджэгъуэщIм я кьару нэхъыбэ зрахьэлIапхъэ унэтIынигъэхэмрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэм пьабжьэ хуэхьу дэфтэр нэхъыщIыхьэхэм ящыщу «ЕгъэджэнигъэI» пIэлпкI проектым кьыщыгъэлъэпэуэ Iуэхугъуэхэр. Абы ипкъ иткIэ, кьурыт егъэлIэхэм зыхэпщIэу щефIэкIуэщ. ЕгъэджэныгъэI-гъэсэныгъэ зэпыгъэкIуэр. Кьапщтэмэ, абыхэм ящыщ куэд жьыджэру хэтщ республикэпсо, урысейпсо зэхъэхуэхэм, олимпиадэхэм, нэгъэущI зэпеуэхэм.

- Республикэм и еджапIэ 25-м ахъшэ сом мелуан зырыз кьэралпсо зэпеуэм кьыщыхахащ. Ди егъэджакIуэхэм ящыщу фIым я фIыкIэу 86-м сом мин 100 зырыз кьыхуагъэфащащ, - и гуапэу кьыхигъэщащ Щхьэгъэпсом, - КьиинэмыщIауэ, «Школ автобус» программэм ипкъ иткIэ, республикэм и кIуам еджапIэ куэдым автобусхэр яIэрыхьащ. Щэн хэмылъу, абы нэхъ тынш ищIынущ еджэныгъэм пыщIа Iуэху куэд.

Щхьэгъэпсом и гугъу ищIащ министерствэм и Iэщ1агъэлIхэм республикэм и куейхэм щрагъэкIуэкIа еджапIэтынэгъэхэм. Тэрч куейм зэIущIэр зэрыщIекIуэжьыр кьигъэсэбэпри, ар нэхъ зэщIауэ зэпеуэ кьытеувыIащ а щIыпIэм и еджапIэгъэсапIэ Iуэхущ1апIэхэм кьэпщытэныгъэ кьрикIуахэм. Куейм екъуэлIэныгъэу зыIэриГъэхьахэмрэ иджыри зыхуэмыщIэхэр кьиПылъхьа нэужь, министрым фIыщIэ ин хуищIащ егъэджэныгъэ Iэнатlэм сыт щыгъуэ гупыыгъэшхэу хуэзыщI, Тэрч администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим.

- Егъэджэныгъэ Iэнатlэм нэхъри зегъэужьыным хуэунэтIа апхуэдэ пэжыгъэшхэу щыIэзэфIэх республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми, арщхьэкIэ екъуэлIэныгъэхэм ди щIыщедгъапхъэ хъунукъым - дызэпэжьыныр нэхъыбэж мэхъу, - кьыхитгъэбелджылыкIащ Щхьэгъэпсом. - Псом я пэраиуэ, егъэджэныгъэм и фIагъыр нэхъри Iэтын хуейщ. ЩIэныгъэ нэсыр жьылагъуэ зыужьыныгъэм и лъабжьэщ. Апхуэдэу еджапIэ гъэцIэн я зэIуэпэщIыныгъэм гулыIэтэ нэхъыбэ хуэщIыпхъэщ. Ди еджапIэхэм ящыщ куэд иджыри зэхуэныкъуэщ лабораторэ Iэмэпсымэ щрихъэхуэхэм, техникэ пэрытхэм.

Зи унафэщI куейкъудамэхэм я лэжьыгъэм тепсэлъыхьу зэIущIэм кьыщыпсэлъащ **Батчаев Борис Клешни Парисэ**, нэгъэущIэр. ЩIэныгъэ щIэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ щытащ мэкъумэш академием и ректор **Жэрыкъуэ Борис** и къэсэлъэныгъэр.

Коллегием и зэIуэщIэр купщафIэу, егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхуэгъуэ куэд щIэзгъэкIрахьэу екIуэкIащ.

МЭТIЕЙ Нэхунэ.
Тэрч къалэ.

● Iуащхьэмахуэ

Къуршыщхьэм хуэкIуэ гъуэгу.

Къуршыпсхэм я къежьапIэм

Иужьрей зэманым ди республикэм хуэныгъэ ищхьэ щокIуэкI ди къуршыпсхэм электростанцэр куэду тещIыхьын и лъэныкъуэкIэ. Ахэр и кIэм нагъэсщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым езым электрокъарукIэ зыкьыгъэригъэнэщыфынущ, ебланэ ар нэгъэущI щIалъэхэми ящыщ хьунущ.

ГИДРОЭНЕРГЕТИКХЭР хуейт ди къуршыпсхэм я нэхъыбэр кьыщыщIэж Iуащхьэмахуэ зрагъэлъагъуну, абы и щыгум дкIыну.

Арати, «Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскад» ОАО-мрэ «ГидроОГК» ОАО-мрэ я лэжьакIуэхэр, я унафащI Синюгин Вячеслав я пашэу, нужь ихьащ Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ дкIыну. Зэуэ жьыIэщи, ар абыхэм тыншу кьайхьэлIакъым. ЦIыху 23-рэ хуэ гупым яп щыкIэ зы тхьэмахуэ зэхуакукIэ зигъэсащ. Сыт и лъэныкъуэкIи загъэхьэзыра нужь, метр 4200 зи льагагъ щIыпIэм щыIэ «11-я хэщIапIэ» лагерым нэсащ. Абы и щхьэжкIи дкIуэкащ. АрщхьэкIэ дунейр кьызэIыхьэри, я хэщIапIэм кьагъэзэжьи хуэкI хуэщ. Я кьарур зэгурыIуэтыжа нужь, аэрэ щыщхьэIэм и 12-м Iуащхьэмахуэ уардэм и щыгум дкIащ.

Гупым хэтахэм Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я бракъэхэр, «ГидроОГК»-м и дамыгъэр кьаIэтащ, Iуащхьэмахуэ дкIуеяхэм я щIэ-унэщIэхэр зэрыт капсулэ щыгум кьыщагъэнащ.

Iуащхьэ лъабжьэм абыхэм кьащIапIэлъэт «Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскад» ОАО-м и унафащI Соттаев Алий зи гъусэ гупыр. Абы Москва кьинкIа хьэщIэхэм щIакIуэ тыгъэ яхуищIащ.

Iуащхьэмахуэ и щыгум.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

УФ-м и Правительствэм кьыбгъэдэкIыу - сом мин 30

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ школакIуэхэм я Урысей спартакиадэ щыщхьэIум и 9-12-хэм Пенз къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ 1990-1991 гъэхэм кьалъхуа бэнакIуэ ныбжьыщIэхэр.

ИПЩЭфедеральнэ щIыналъэм и командэ кьыхэхам хэту а зэпеуэм щыIащ ди лъахэгъуэхэр.

Килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ Гъуэплъащ1э Замир и гъэсэн Тхьэгъэдэдж Азэмот. Килограмм 54-рэ хьэлъагъым ещанэ щыхъуащ Уэршэкъудыгъу Аскэр. Абы и тренерыр Нэчо Сэфарбийщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа бэнакIуэ ныбжьыщIитIым УФ-м и Правительствэм кьыбгъэдэкIыу ахъшэ сауГъэту сом мин 30 дэтхэнэми кьратащ.

Тренер Гъуэплъащ1э Замир и гуапэу щыгъуазэ дищIащ ди лъахэгъуэ ныбжьыщIэ зыбжанэ Москва къалэм и командэ кьыхэхам хэту а зэпеуэм зэрыщIыIам икIи ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэрагъэхьам.

Къащтэмэ, яIанэ увыпIэр кьиухащ Абаза Iэдэм (кг 58-рэ), Мусуков Аланрэ (кг 76-рэ) Багъуэт Мухьэмэдр (кг 100) етIуанэ, Байсултанов Расул (кг 63-рэ) ещанэ хъуахэщ.

ДЫГУЛЫБГъУ Сэтэней.

● Футбол

Скворцоври Владивосток макIуэ

Налшык екъуэлIэныгъэкIэ зыкьыщызыгъэтъэгъуа футболистхэм Сыбырымрэ КъуэкьыпIэ Жыжьэмкъ я ныкьуэ ящIэ.

МЫ ГъЭМ щыщIидзэм «Спартак-Налшык» хэкIрэ Томск и «Томым» хьыхащ Мостовой Руслан, Сердюков Сергей, Мичков Дмитрий сымэ, Владивосток и «Луч-Энергием» кьыхихащ Чихрадзе Александр.

Зэ хьэзэхуэм и яп кьекIуэкIыгъэр нуэ иужькIэ Сыбырым кIуэхэм яхьыхащ Ланько Виталийрэ Евсиков Денисрэ, КъуэкIыпIэ Жыжьэмкъ я ныкьуэ ящIэ «Луч-Энергием» хьыхьа Гвазавэ Леванрэ Хабаровск и «СКА-Энергием» зыгъэзэжа ХъуакIуэ Кьапщынэрэ.

И ныбжьыгъуэм я лъэужьыр зэсэмахуэ ихуащ нэгъабэ ди командэм хэтауэ мы гъэ Ярославль и «Шиннике»-м щыдэзгъа Сковцов Анатолий. Мы илъэсыр ихьыхуKIэ ар бэджэнду «Луч-Энергием» кьищтащ.

Аращи, нэгъабэ Налшык екъуэлIэныгъэкIэ щыдэзгъэуагъ мы гъэм и закъуэ Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ я командэ нэхьыфIхэм футболистибгъу хьыхащ. Ахэр зэхуэпIэсхьмэ, зы гуп пъэрызехьэ кьыпхуэзгъэзэпщынущ.

Пхъэндзэм Москва къыхех

Къэралым и кубокыр къэхьыным теухуа зэхъэзэхуэм и финалым и ныхьэ пIалянэм хьыхьэ зэIущIэхэр щекIуэкIыну щыпIэхэмрэ махуэхэмрэ яубзыхуащ.

УРЫСЕЙМи профессионал футбол лигэм иригъэкIуэкIа пхъэндзэм къызэрикIамкIэ, ЦСКА-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» Москва щызэздзэжгъунущ. А зэIущIэр фокIадэм и 16-м зэхэтыни ГъэмкIэ и 16-м зэхэтыни хуеящ, арщхьэкIэ, Газзаевым и гъэсэнхэр Чемпионым я лигэм зэрыщыджэгум кьыхэкIыну, жэпэгъуэм (октябрым) 31-м ягъэIэпхъащ. Абы щытекIуэм финал ныкьуэм хьэрхъэрэгъу кьыщIыхэхъуэ а махуэ дыдэм Санкт-Петербург щызэхъэзэну «Зенитымрэ» «Томымрэ» яхъэ щIыпIэ.

Кубокым екъэIа адрей зэIущIитIыр

ЖЫГЪЭГЪЭЖ Сэлэдин

Пащтыхь хужьым и ІыкІуэ

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр №158-м итщ).

* * *

ХИВЭ ХЪАНЫМ хуэтщІа ІыкІуэр иджыри къаГъэкІуэжакъым. Дапщэрэ тІуэхуами къуркыем. Ауэ иджыри дыльэІуэн хуейуэ аращ... Хэт хьун? Хэт дгъэкІуэн? - яхэупщІыхьащ Черкасскэм къыззэхуищэсахэм, - Пэжщ дызэрыгуэзавэр, уеблэмэ абы - хэм зыгуэр иращІэнкІэ хьуну дигу кьэкІыу закъедгащІэрккым хивэдэсхэм.

Корейтовыр... Ар хъунущ.

- Ар ІыкІуэ гупым я Іэтащхьэу, - кьэІу ащ макІэр.

- Хьунущ Корейтовыр. Сэри апхуэдэу согупсыс, - Черкасскэм щапидзыкым, Корейтовыр кьышцльэт:

- Зи щІыхьыр лъаг эм кІуЛыкІу хуэсщІыну сыхьэзырц.

- ДэгъуэщІ... Псоми аращ ди кьалэныр. Кьэзакъ шуэхэр уигъуэсэнщ, хьаным епгыну тІыгъэ хэр хьэзырщ... - Тыгъэ зэкІуэщІыльхэр зыйыгъыу щыса щІалэм къещтэри зыри жимыІэу Корейтовым и пащхьэм деж щыт тетІысхьэпІэм трельхэ.

- ИтІанэ и тхьэкІумитІымкІэ зэхиньу мы тхьылым кьыхуеджи ет, - унафэ пыухыкІа хуищІащ абы пщым. - Мис тхьылым итыр: «Зауэ Іуэху дыхэткъым. НыбжьэгъуГъэ, мамырыгъэ кьыдолъыхьэу. Зи уэрэ дитыр сату Іуэхуу. Урысей пащтыхьышхуэм «къуэш сэлам гуапэ ирехьэк Хивэ хъаным...» Аращи, фІыкІэ. Фежьэ! Гъуэгу у махуэ! Дыхуэнэхъуеиншэу дыфпэлъэІуэщ. Фи кІэ ирегъэжьакъэм я Іуэху зыІути зэвгъащІэ.

- Тхьэм жиІэмэ, - жиІэу Корейтовым щыпидзыкъым:

- Хьаным и ІыкІуэхэр аргуэру кьэсащ. Хьаным и ІыкІуэхэр кьэсащ, - кьэІуащ макъ.

Кьэзакъищ и ужьым иту Корейтовыр щІэкІащ.

- Кьэсамэ, кьыщІэфшэ.

Хивэ хъаным и щІыхуитІпрэ зы кьэзакъ рэ кьыщІохьэ ЛыкІуэхэм щхьэщэ ящІ, унэ Іьэгум натІэкІэ еІуэсрэ зыкІпэну.

- Дэ дыхьыбгерасащІэщ, хъаным дыкъыгъэкІуащ, - кьыхедзэ зым.

- ЛыкІуэ дгъэкІуар кьыгъэкІуэжьи хуейкъэ? - захуигъэзащ хъаным и ІыкІуэхэм пщым.

- Ахэр кьыгъэкІуэжьинущ.

Ауэ хъаныр езыр уи деж кьыкІэну уеІуэщ. Араш щІмІы-гъыр, - жаІащ хъаным и ІыкІуэхэм.

- Дэ мамыр Іуэхущ зетхуэр, сату Іуэхущ дызыхэтыр. НыбжьэгъуГъэщ къэтІыхьуэр. Ар хъаным тхуэжефІэк. Дэ ди ІыкІуэхэр абы иубыду, хъаным и ІыкІуэхэр дэ дыубыдэр дымыгъэкІуэжу... Ар сыт Іуэху зехьэкІэ? Ар сыт зэхэтыкІэ? Хъаным жефІэ Іэмал имыІэу ди ІыкІуэ зкэр кьнутІыпщІыкІыну.

- Урысхэр хъаным къыщІутІыпщІыкІынуэр езыр фи деж къыщыкІуэкІэу жиІащ, е езыр Хивэ нэсыжа нэужьщ. Ауэ зыкІи фымыгугъавэ. Абыхэм зыри къыщыщІынукъым. Мы ди гъуэсу кьэтшэжа кьэзакъэ ди гъуэсу нэвгъэкІуэж, фи деж дыззэрыщІым и щыкъэту. Апхуэдэу езы хъаным хуеІуэ... ЯкеФэ кэрэ хъаным и жыІэ едэІуэну. Абыхэм яхэтщ кьитхьэкІыль...

- Абыхэм я пІэм фэ фитатэмэ, дауэт зэрызыфщІынур?

- пщыр щеупщІым:

- Хъаныр зэрыкІуэ ещхьу, - кьыпадзыжащ. - Абыхэм зыри кьащыщІынукъым. Фымыгугъавэ. Хъаным егъатхэ ахэр. Егъашхэ, - кьыщІагъужащ.

- ХьэщІапІэ ущыІэнырэ фІы щхьэнІэ, узыхэкІахэр нэхьыфІыжщ, - щыжаІэркъэ фи деж кІэ?

